



Pou Piblikasyon Imedya: 01/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 40 MILYON DOLA NAN SIBVANSYON
KAPITAL POU PLIS PASE 130 ÒGANIZASYON SAN BI LIKRATIF K AP SÈVI
VETERAN NEW YORK YO AK FANMI YO**

*Gen ladan prèske 40 milyon dola pou sipòte òganizasyon sèvis sosyal yo – Lis
sibvansyon yo disponib [isit la](#)*

*Gen ladan tou prèske 1.3 milyon dola pou sipòte veteran New York yo – Lis
sibvansyon yo disponib [isit la](#)*

Baze sou angajman Gouvènè a pou sipòte sektè san bi likratif New York la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a plis pase 40 milyon dola nan sibvansyon kapital pou sipòte bezwen kapital ak enfrastrikti enpòtan nan 136 òganizasyon san bi likratif k ap sèvi fanmi ak veteran New York yo. Sibvansyon yo akòde atravè Pwogram Envestisman Kapital pou Enfrastrikti San Bi Likratif (Nonprofit Infrastructure Capital Investment Program, NICIP) ak Pwogram Kapital San Bi Likratif Veteran (Veterans' Nonprofit Capital Program, VNCP) yo, baze sou angajman depi lontan Gouvènè a pou sipòte founisè sèvis New York yo ak ranfòse sektè san bi likratif li a.

"Gwoup finansman sa a pral ede òganizasyon atravè eta nou an kontinye bay Nouyòkè yo ki bezwen yo sèvis enpòtan yo – ki gen ladan veteran ak fanmi yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Soti nan renovasyon transfòmasyon pase nan enstalasyon sèvis yo rive nan amelyorasyon debaz ki kenbe yo ap fonksyone, prim sa yo pral ede ranfòse sektè san bi likratif nou an, ranfòse kominote yo, epi asire fanmi New York yo ka rete konekte ak sèvis enpòtan yo."

Gouvènè Hochul te anonse 39.6 milyon dola nan prim bay 118 òganizasyon sèvis sosyal atravè Pwogram Envestisman Kapital pou Enfrastrikti San Bi Likratif. NICIP, ke Otorite Dòtwa Eta New York (Dormitory Authority of the State of New York, DASNY) la jere, bay sibvansyon kapital ki rive jiska 500,000 dola pou pèmèt òganizasyon san bi likratif atravè eta a antreprann pwojè ki amelyore livrezon sèvis enpòtan pou Nouyòkè yo. Gouvènè Hochul te lanse opòtinite NICIP nan mwa oktòb 2023 pou fè envestisman sible atravè Eta a ki amelyore kalite, efikasite ak aksè nan òganizasyon sèvis sosyal san bi likratif yo. Òganizasyon san bi likratif ki kalifye yo te elijib pou resevwa ant 50,000 dola ak 500,000 dola nan finansman NICIP pou ranbousman depans kapital elijib yo

enkli teknoloji, renovasyon ak agrandisman espas yo itilize pou sèvis pwogram dirèk yo ansanm ak renovasyon ki amelyore efikasite enèji oswa aksè. DASNY te resevwa plis pase 500 aplikasyon pou finansman pou pwogram sa a. Gen yon lis konplè benefisyè yo atravè pwogram sa a ki disponib [isit la](#).

Gouvènè a te anonse tou 1.13 milyon dola nan prim bay 18 òganizasyon sèvis veteran atravè Pwogram kapital San Bi Likratif Veteran yo. Sibvansyon VNCP a ranbouse òganizasyon veteran pou pwojè amelyorasyon kapital ki soti nan 25,000 dola jiska 75,000 dola. Pwogram nan sipòte achitekti, konsepsyon, enjeniri, konstriksyon, rekonstriksyon, reyabilitasyon oswa ekspansyon yon etablisman ki kalifye, ak acha mèb oswa ekipman ki elijib. Pwojè yo ke pwogram sa a sipòte a gen ladan nouvo twati, amelyorasyon ki konfòm avèk ADA ak renovasyon kwizin ak zòn komen pami lòt amelyorasyon ki byenvini. Gen yon lis konplè benefisyè yo atravè pwogram sa a ki disponib [isit la](#).

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Dòtwa Eta New York la, Robert J. Rodriguez, te deklare, "DASNY jwe yon wòl enpòtan nan ede òganizasyon san bi likratif yo avèk envestisman kapital yo pandan l ap ofri sèvis esansyèl bay kominote ak moun atravè Eta New York. Lè nou bay sipò finansye, nou pèmèt òganizasyon yo amelyore enfrastruktir, amelyore sèvis yo, epi kreye kwasans dirab. Angajman nou asire ke resous enpòtan yo rive jwenn moun ki pi bezwen yo, ankouraje kominote ki pi solid ak enklizif."

Komisè Depatman Sèvis Veteran Eta New York la, Viviana DeCohen, te deklare, "Òganizasyon sèvis san bi likratif atravè Eta New York ofri resous ki chanje lavi pou Veteran, Manm Sèvis ak Fanmi Militè yo chak jou. Nou konnen òganizasyon sa yo te fè fas ak defi pandan pandemi COVID-19 kote yo toujou ap rebati. Se yon gwo onè pou nou bay yo finansman amelyorasyon kapital sa a, pou n ede òganizasyon san bi likratif sa yo k ap sèvi ewo yo nan eta nou an nan plizyè fason."

De pwogram sa yo baze sou angajman Gouvènè Hochul pran pou pwoteje ak sipòte sektè san bi likratif, ki bay Nouyòkè yo resous ak sèvis enpòtan atravè eta a. Tou dènyèmman, Gouvènè Hochul te anonse plis pase 38 milyon dola nan prim finansman kapital pou plis pase 33 fakilte ak inivèsite New York pou sipòte gwo pwojè konstriksyon, nouvo ekipman, ak lòt envestisman nan enfrastruktir inivèsite. Gouvènè a te anonse tou prèske 38 milyon dola pou ranfòse sekirite etablisman òganizasyon san bi likratif yo ak preparasyon jeneral, 13 milyon dola pou òganizasyon k ap bay fòmasyon karyè pou Nouyòkè ki gen andikap nan devlopman.

Anplis de sa, angajman Pwogram Sibvansyon Kapital San Bi Likratif Veteran yo pou sipòte enstitisyon ak òganizasyon kominotè enpòtan ki dedye pou sèvi veteran, sòlda ak fanmi yo. Lè li bay finansman esansyèl, li pèmèt òganizasyon sa yo amelyore enstalasyon yo, elaji sèvis yo, epi finalman anrichi lavi moun ki te dedye tèt yo nan sèvi eta ak nasyon nou an. Pwogram sa a se youn pami plizyè douzèn avantaj ak sèvis pou veteran nan eta a DVS ak ajans patnè yo administre ki bay yon envestisman ki depase 200 milyon dola k ap sipòte Veteran New York ak fanmi yo nan ane fiskal aktyèl la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)